



# Chwa Sipò Legal nan Delaware

Ou gen chwa nan sa a ki gen pou wè avèk sipò jiridik lè ou gen 18 ane. Koleksyon gid resous sa a montre chwa ki disponib nan Delaware. Lòt eta yo ka gen règ diferan oswa yo ka pa ofri menm chwa sipò jiridik ak Delaware.

## Ki chwa sipò legal ki genyen nan Delaware?

Tablo ki anba a montre yon apèsi chak chwa sipò legal ki genyen nan Delaware. Gen yon gid resous detaye ki disponib pou chak chwa yo.

Chwa Sipò Legal	Ki kote mwen ka itilize sipò sa a?	Kiyès ki pran desizyon yo?	
<b>Enstriksyon Medikal Alavans</b>	Swen sante	Yon lòt moun. Se ou ki deside kiyès l ap ye.	
<b>Enstriksyon Sikyatrik Alavans</b>	Swen sante	Yon lòt moun. Se ou ki deside kiyès l ap ye.	
<b>Manda Dirab</b>	Lajan Swen sante Apre lekòl segondè	Lekòl Lojman Apre lekòl segondè	Yon lòt moun. Se ou ki deside kiyès l ap ye.
<b>Ede nan Pran Desizyon</b>	Swen sante Lajan Lavi Prive	Lekòl Lojman Apre lekòl segondè	Ou pran desizyon yo avèk èd yon sipòtè.
<b>Pran Desizyon pa Mwayen yon Ranplasan</b>	Swen sante		Yon lòt moun. Se ou ki deside kiyès l ap ye.
<b>Responsab Legal ki Gen Pouwva ki Limite</b>	Swen sante Lajan Lavi Prive	Lekòl Lojman Apre lekòl segondè	Yon lòt moun. Se pa ou ki deside kiyès l ap ye.
<b>Responsab legal pou granmoun</b>	Swen sante Lajan Lavi Prive	Lekòl Lojman Apre lekòl segondè	Yon lòt moun. Se pa ou ki deside kiyès l ap ye.

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou

<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group (2025). Chwa sipò legal nan Delaware. University of Delaware Center for Disabilities Studies.



# Mo Enpòtan Ou Dwe Konnen

**Ajan** - Yon moun ou chwazi ki pou pran desizyon sou sante w ak/oswa lajan w.

**Ijans** - Lè maladi w la oswa blesi w la tèlman grav ou pa ka fè chwa ni kominike chwa medikal ou yo.

**Jij** - Yon moun ki pran desizyon daprè lalwa.

**Lwa Ranplasman nan Swen Sante** - Tribunal yo pral nonmen yon moun ki pou pran desizyon pou ou nan yon ijans medikal si ou poko chwazi yon ranplasan ki otorize pou pran desizyon. Grasa lwa sa a, manm fanmi ki pi pwòch ou a vin ranplasan w (pa egzanp: mari oswa madanm, ptit, oswa paran).

**Petisyon** - Yon kalite demann alekri ou bay tribunal la.

**"Pouvwa Limite"** - Yon kalite gad legal kote responsab legal ou a pa pran tout desizyon pou ou.

**Ranplasan** - Yon moun ou chwazi ki pou pran desizyon pou ou.

**Restriksyon** - Yon bagay ki anpeche w fè pwòp chwa pa w.

**Sipòtè** - Yon moun nan lavi w ou fè konfyans pou ede w pran desizyon.

**Tribinal** - Yon kote yon jij pran desizyon.

**Yon Responsab Legal Byen** - Yon moun ki pran desizyon konsènan lajan w.

**Yon Responsab Legal Moun** - Yon moun ki pran desizyon konsènan swen sante w ak lavi prive w.

Se Konsèy Andikap Developman Delaware (Delaware Developmental Disabilities Council) ki finanse pwojè sa a avèk fon federal. Sa a pa vle di opinyon yo reprezante opinyon Konsèy la oswa Administrasyon an.

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou  
<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group (2025). Mo enpòtan ou dwe konnen. University of Delaware Center for Disabilities Studies.